Соколёнок

# Лачен

5/2018
сентябрь-октябрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# „Хъахlал къункърабазул" къоял



Исанаги 32 - абилеб нухалъ Дагъистаналда тIобитIана гIадатлъун лъугьинарурал «ХъахIал къункърабазул» къоял. Нахъеги рачIун рукIана нилъехъе тIолго Россиялъул батIи-батIиял регионаздасаги, гьеб бахун къватIисагицин Расул ХIамзатовги лъалел, гьесул асаралги рокьулел, рагъул къурбаналлъун лъугьарал миллионал нилъер бахIарчиял рагъухъабазе бетIер къулун хIурмат гьабулел гIадамал. Гьеб тадбиралда кидаго гIадин цебесеб кьерда рукIана Дагъистаналъул хъвадарухъаби, культураялъул вакилзаби – артистал, кочIохъаби, школлъимал ва гIадатиял гIадамал.

Цо нухалъ «ХъахIал къункърабазул» пашманаб байрамалъул гIахьалчагIилъун лъугьарал гьалбал нахъе-нахъеги нилъехъе рачIине гъираялда, ни-лъер хIакъалъулъ бицунеб жидедаго рагIун букIаралда гурел, жидерго бералда бихьаралдаги божун, нилъедехун адаб-хIурматгибижун, нилъергьобол кIодо гьавиги гIаданхиралъиги





бичIчIун, разилъун ва гьудулзабилъун лъугьун уна Дагъистаналдаса тIадруссун. «ХъахIал къункърабаз» цолъизарула ва гIатIид гьабула гьудул - гьалмагълъиялъул свери, цоцада ричIчIиялъул, цадахъре-къон хIалтIиялъул мурадалда данде гьарула гьелъ нахъе - нахъеги улкаялъул киналго бокIназдаса лъикIаб пикру бугел гIадамал.

Гъунирги, Дербенталдаги, Хунзахъги, Буйнакскалдаги аслияб къагIидаялъ, гIатIидго кIодо гьабулеб батани, гьеб байрамалъул рахъккурал тадбирал киса-кирго республикаялъул шагьаразулгун росабазул школазги, библиотекабазги тIоритIичIого толаро. Гьеб гуро гIицIго Расул ХIамзатовасда хассаб байрам. Гьеб ккола нилъер КIудияб ВатIан цIунизе къва-





тIире рахъанщинал нилъер умумузул, улбузул, гIагарлъиялъул, яцал-вацазул рухI адабалда рехсолеб, гьезул гьунараздаса нилъ чIухIулеб, гьезие кIочонтей гьечIеб налъи кьолеб нилъер щивасул пашманабги къимат кIудияб байрам, нилъеде КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабуразул рухIалдаги яхIалдаги цебе бутIрул къулулел къоял «ХъахIал къункърабазул» къоял!

# ЩугIайбил щуйилаб

МухIамад АхIмадов



– Ворея, цо.
– Цойилаб Нуцалалъе.
– Ворея, кIиго.
– КIийилаб КIилъилалъе.
– Ворея, лъабго.
– Лъабилаб Билалие.
– Ворея, ункъго.
– Ункъилаб Къурбание.
– Ворея, щуго.
– Щуйилаб ЩугIайбие.

...ЩугIайбие щуйилаб
Щолеб гьечIо дарсида,
Данде къанщун бералгун,
Анищазда вуго гьев.



# КIудадал дарс

Гьимулаго кIудада
КIалъалев вуго дида,
Дарсида вугев гIадин,
Дун гIенеккун чIун вуго:
– Воре, вореха, Салман,
Салам кьезе кIочонге,
КIудияв чи вачIиндал,
КIанцIун тIадеги вахъа!
ХъахIилъи балелде вахъун,
Ворта, къваригIел тIубай,
Бабае кумекалъе
Киданиги кватIуге.
Воре, лъимерлъудаго
ЛъикIилъиялъул цIар босе,
ЦIар гьитIинго рагIараб
ГIумруялъго хутIула.

# Гьерсихъаби



Данделъун руго лъимал
Лъарал рагIалда сардилъ.
Росдадаса рикIкIада,
РукIкIараб заманалда.

Замирица абуна,
Абунавасги дунги,
Данде ци ккараб мехалъ,
Цо щибниги хIинкъичIин.

Къан кIиябго гIинги ккун,
ГIодоб гьеб ци тIамунин,
Цинги, цидаги рекIун,
КIиязго рохь сверанин.

Гьеб гьадингояб жойин
Жувана тIаде ТIагьир
ТIаде вахун вукIанин
Дун КьилимегIералде,
Гьенисан квар бачанин
Дица ГъунимагIарде,

ГIерцин кодоб гьечIого
Гьабунин палугьанлъи.

# ХIаял

РекIун гьулакалдагун
Гьелчолел цоял руго.

Цоцаздасаги рахчун
Рахчирукъ хIалел руго.

Рекерула рокъоса
Къаргъа хIазе къваригIун.

БацIанагIан гIандарак
Данде кьурдулеб буго.

ЧIинхал рикьи гьабула,
ГьитIинал гвендал рухъун.

ГIучIал рахъи гьабизе
Гьудулзаби ахIула.

Бурди-тIил хIалел ругел
РикIкIаде рекерула.

Ланг хIазе кIанцIулезул
КIудияб свери буго.

Борхатаб тIохде рахун,
Кагътил хIанчIи риччала.

...Гьанже гьединал хIаял
Дида рихьулел гьечIо.

Лъимал гIемерлъун руго
МагIарухълъи лъаларел.

# Терхеро

Пархун, тирхун тирулеб
Терхеро буго Мусал,
Васалгун ясал гьелъухъ
Урхъун ралагьун руго.

Лъималаца гьаридал
Гьеб Мусаца кьоларо.
Къарумилан цIар буго
ЦIалдохъабаз гьесда лъун.

Мусаги тохлъизавун
Терхеро гьез босана,
Цояз-цоязухъе кьун
Мусахъе щвезе течIо.

...Муса гIодилев вуго,
Лъимал релъулел руго.

# Гьобо

Гьобо тирулеб буго,
Ханжу ххенелеб буго.
Гьуинаб гьаракь буго
Кьижаризе гьарулеб.

Гьале цо лахIзаталда
ЗанкIилан чIана гьобо.
ГьитIинав Халит вуго
КIудадаца гьабихъ тун.

Халит тIаде вахъана,
Рахъде ваккизе ана,
Лъицаяли лъим буго
Балъго ахикье бачун.

Халитица, бел босун,
БитIизе гьабуна рахъ,
Гьабихъе лъимги тIамун,
ТIадвуссана лъикIав вас.

ГIинтI-гIинтI-гIинтIилан бакъан
ГIентIерабаз бачана,
Чу гIадин бекеризе
Ракваялъ байбихьана.

...Гьобо тирулеб буго,
Ханжу ххенолеб буго,
Халит, макьуги кIочон,
Гьелъухъ валагьун вуго.



Мухlамад Патахlов

# ГIакълуялъул дандерижи

(биценал)

## ГIакълуги, ГIелмуги, ТалихIги

ГIакълуги, ГIелмуги, ТIалихIги рукIанила хабар-кIалалда, гьабдобалъул бицунел. Циндаго гьезда гьоркьоб кканила дагIба. Щибалъ абулеб букIанила дунялалда жиб бищун хIажатабги бищун къуватабги бугилан. Цоцазе мукIурлъизе разилъуларого лъикIалан мех банила гьез гьедин дагIба-рагIиялда. Заман бахъанагIан гьеб къец боркьи гурони, цо пикруялде рачIинеги кIвечIого, гьезул хIукму кканила кинал жидер бищун хIажатабги къуватабгиялиги гIакъиласда гьикъизе.

— Мун, ТалихI, — ян абунила гIакъилас, — буго цIакъ хисардулеб, цо хIалккун чIолареб жо. БачIуна мун мех-мехалда кколелъубеги, кколарелъубеги. Вохизавула дуца гIадан-инсан, кватIичIого, гьевги рехун тун бахчун чIола. Гьесие рохелго гIадин рекIелбакъвайги гьа-



була. ГІакълуялъулгун гъудуллъи ккуни, мун дунялалда гІемер мехалъ хутІизе буго.

— Мун, ГІелму, — илан гьелдехун вуссанила гІакъил, — буго дунялалда цІакъ хІажатаб жо. Дуца инсаният цебетІезабиялъе гІемераб хІалтІи гьабула. Аммаха гІуцІарабго гІадин биххизеги гьабула дуца. ЛъикІлъиго гІадин квешлъиги буго дулъ. Дуеги лъикІаб букІинаан Гъудуллъи гъудуллъун ккуни. Гьеб мехалда дурги гІумру халалъилаан, халкъалъеги лъикІлъи гурони дудаса щвелароан.

— МунгІан божараб гъудул гІадамасул цоги гьечІо, — ян абунила гьес ГІакълуялда. — Аммаха инсанасул рахІат хвараб мехалъ, циндаго баккунги бачІун, гьебсагІатго тІагІуна мун, цциналъе гьесул рекІелъ бакІги эркен гьабун. ТІадги буссуна цциналъ жиндирго иш гьабун хадуб хІалбихьула гьесул гъалатІ битІизабизе. Амма кидаго гуро дудаса гьеб бажарулеб. Дуца кидаго гІадамасул рекІелъ дурго бакІ кколебани, ццин гьесухъе бачІинецин бачІинароан.

— Гьанже нуж лъабалго лъикІ гІенекке дихъ, — ян абунила гІакъилас хІасил гьабулаго. — Мун, ГІакълу, букІа гІадан-инсанлъун. Мун, ГІелму, — чулъун, мунги, ТалихІ, — цІалъун. Гьедин нуж лъабалго цоцалъ рекъон ругони, цоцалъ рекъон хІалтІани, дунялалда кинабго лъикІ букІине буго.

## ГІакъилай яс

ВукІанила цІакъ кІудияв цо цІогьор. Цо сордоялъ живго ханасул кІалгІабахъацин бикъун батанила гьес лъикІаланго жо. АхІуд рахъарал ханасул гІадамаз гІемер мехго инелде ккун вачун вачІанила цІогьор ва гьесие кинаб тамихІ гьабилебали гІакълу дандбазе ханас данде ахІанила вазирзаби. Гьенийго йикІанила ханасул ясги.

— Халкъги бакІарун бетІер къотІизе ккола цІогьорасул, — ян абунила кІудияв вазирас.

— Дуца щиб абилеб, дир яс? — илан гьикъанила ханас жиндирго ясалда.

— Гьес хІукму къотІулеб буго жиндаго лъалеб хІакъикъаталда борцун, — ан жаваб кьунила гьелъ.

— Халкъги бакІарун, кІудияб цІаги бакун, гьенив вухІизе ккола цІогьор, — ян абунила гьоркьохъев вазирас.

— Дуца щиб абилеб, дир яс? — ян гьикъанила гьанжеги инсуца ясалда.

— Гьесги хІукму къотІулеб буго жиндаго лъалеб къагІидаялъ, — илан абунила ясалъ гьаб нухалдаги.

Ахирги ханас гьитІинав вазирасдаги гьикъанила цІогьорасда щиб гьабун лъикІилан.

— ГІорцІизегІан кваназеги гьавизе ккола гьев, хІатІидаса бахъараб бетІералде щвезегІан ретІине лъикІаб ретІел-хьитги кьезе ккола гьесие. Гьеб гуребги, тІадеги месед-гІарацги кьун виччан тезе ккола цІогьор, — ян абунила гьитІинав вазирас. — Щиб лъалеб, гьедин дуца гьабуни, бетІерчІахъад, гьев чияс хадубккун гьеб гІамал тезеги бегьула.

Инсуца лъабабизеги ясалъеги кьунила добго суал, гьелъги гьадабго жаваб такрар гьабунила.

— Лъабавго вазирас батІи-батІияб хІукму къотІана цІогьорасе, — ян абунила ханас ясалда, — амма дуца лъабабго нухалда цого жо абуна. Гьелъул магІна щиб?

— КІудияв вазир, гьаниве духъе

вачIинегIан гIи-боцIи хъолев чи вукIун ватизе ккола, – ян абунила ясалъ, – гьедин гуребани гьес цIогьорасул бетIер къотIизе кколин абилароан. Гьоркьохъев вазир бежун кирпич гьабулев чи вукIун ватилин тола дица. Гуребани, гьес цIадаве рехун цIогьор вухIизе кколин кьеларoан дуе гIакълу. ГьитIинав вазирасулин абуни, рижиго лъикIаб, магIнаяб бихьула дида.

Хан ургъанила... Ахирги гьитIинав вазирас къотIараб хIукмуялда разилъанила. Гьес абухъе цIогьорасул ишги тIубанила. Гьев гьитIинав вазир аслияв вазирлъунги танила, гьесие жирдирго дой ясги кьун, дурцлъунги гьавунила ханас.

# Лъимерлъудаго куцани...

Цо росулъ гIумру гьабизе вачIанила гIакъилав, херав чи. Гьесие цIакъ рокьулаанила гIисинал лъимал ва гьезулгун накъиталда гIезегIан заманги тIамулаанила.

Гьединго гьес батIи-батIиял сайигъаталги кьун рохизарулаанила гьел лъимал. Амма кидаго херас лъималазе кьолел рукIун руго рекиялда хIинкъи бугел расанкIаби. КигIанго хIаракат бахъаниги, лъималазухъа гьел цIунун бажарулел рукIун гьечIо, хехго рекулел рукIун руго. Хадубги гьес жиндирго гIисинал гьудулзабазе гьединалго расанкIаби кьолаанила...

Лъималазул эбел-инсуца, яхIго гьабизе кIвечIого, херасда гьикъула: мун лъикIав чиги вугин, лъимал рохизаруралъухъ дуе кIудияб кириги букIинин, амма щайинха дуца гьезие гьединал, рекиялда хIинкъи бугел расанкIаби кьолелин.

Гьимулаго херас гьадинаб жаваб кьунила:

– Заманалдаса гьезие лъица букIаниги сайгъат гьабизе буго жидерго ракI. Гьединлъидал, гьабсагIат дица кьолел рекиялда хIинкъи бугел расанкIабаздалъун ругьунлъизе бегьула лъимал, ккараб къоялъ, дагьабги хIинкъи бугеб жо бекичIого цIунизе.



# БичIчIана, мугIалим

МугIалимас гIелму малъулел цIалдохъабазда гьоркьор рукIанила цIаги лъимгигIанги цоцаздаса батIияв кIиго вас. Цояв вукIанила цIализе пагьму-гьунарги бугев, малъарабги босулев, тIадкъараб хIалтIи-пишаги ракIбацIцIдаго тIубазабулев, гIамалги берцинав вас. Цогиявин абуни, кинабго рахъалъ гьесие гIаксиял хасиятазул. Гьес цо къоялъ дов лъикIав васасда гьикъанила кIигоялде кIиго жубани чан букIунебилан. Ункъо букIунин жаваб кьунила гьесги. Гурин, лъабго букIунин абунила суал кьурас... Ункъоян цояв, лъабгоян цояв, лъикI дагIбаданила кIиявго вас. Ахирги дагIбаялъ гьеб суалги роцIцIинчIого, рагъизе кканила гьел.

БитIун гьел рагъулаго тIаде вачIанила гьезул мугIалим. Гьес васал ратIаги гьарун, щиб нужеда гьоркьоб ккарабилан гьикъанила. Бицанила васаз жал рагъиялъе гIилла. Гьеб мехалда мугIалимас лъикI бухIилеб хIалалда кодоб букIараб хьоп кьабанила кIигоялде кIиго жубани ункъо букIунин абурав васасда.

— Щай, мугIалим, дуца дида кьабулеб, дун витIаравги вугеб мехалда. — ян вихха-хочун лъугьанила гьев вас.

— РукIуна гIадамал жидехъа гъалатIал кколелги, — ян абунила мугIалимас. — РукIуна чIегIераб хъахIаб бугин, хъахIаб чIегIераб бугин чIолел, зани бегарал гIабдалзабиги. Гьел ритIизарун бажаруларо, рижудахъе тани гурони. Мун лъугьунев вуго, мунго тIуванго витIарав вукIинги лъалаго, гьав васгун дагIбадизе, гьавги витIизавизеян. Гьадинал чагIи ритIуларо. Гьанже дуцаго хIисаб гьабеха нужер кинал гIадалал кколелали.

— БичIчIана, мугIалим, кинабго, баркала, — янги абун гьев вас нахъе анила.

# Дур рожен бокьуларо дие

Цо хIанчIида хадуб лъугьун букIанила борохь. Кибе хIинчI боржаниги, нахъаса бичIулеб букIинчIила гьеб. Ахирги хIанчIил тату хванила, рухI-хIал дагьлъанила. Гьеб цо гъотIол гIаркьалида рещтIанила. Гьенибеги харун бачIунеб букIанила борохь.

— ГьабсагIат дуца дун чIвала, — ян абунила хIанчIица. — ЧIвалелде дуе чанго суал кьезе бегьиларищ?

— Дун лъилниги суалал рагIун ругьунаб гьечIо, — ян чIухIун жаваб кьунила борхьица. — Щиб гурин гьабилеб, хвалда цебе дуе гьедин бокьун бугелъул, кье дурго суалал.

— Дуца хIанчIи кваналищ?

— Кваналаро.

— Дица дуе гьабураб квешлъи бугищ?

— ГьечIо.

— Батани, щайха дуца дун чIвалеб?

— Дие дур рoржен бокьуларо.

Тайпат Малачиева

# Щияб цIалул сон щвана

Каникулал лъугIана,
Лагеразул мех ана,
Ралъдахъегун лъарахъе
Хъетизе заман гьечIо.

ГIемер кьижи чIалгIана,
Расанди-хIай дагьлъана.
ХIухьбахъи чIамучIлъана,
Мактабалъухъ урхъана.

Цойги цIалул сон щванин,
Сентябрь нуцIихъ чIана,
ЩIиял тIахьалгун щвайин,
ЩIурмица ниж ахIана.

Гьанже дарсал цIализе
ЩIакъго гьира-шавкъ щвела,
ЛъикIал къиматал ккезе
Къец ахIун, тIаделъила.



# Хасалихълъи

Бахча-хьван хаслихълъиялъ
Рагьдухъ гьоболлъи бана,
Гьалдолел роол къоял
Къокъиднухда лъун ана.

Гьелъ гIечул кIаркьабазда
Чар-чараб релъен хъвана,
Нусго чухъилъ жемана –
ХъапустIа чакарлъана.

ГIи бегараб авлахълъун
Хъабхъазул хур бачIана,
Хилъало маргъалаллъун
Меседилъ ччун рахъана.

Чинквадул кIутIби цIа-цIан
ЩIулакьо гьирун тана,
Кагьру-маххазул цIцIаллъун
ЩIибил гвангъизабуна.

Азали цIабагIарлъун
ЩIоросаролъ бакIлъана,
КIудил михъаллъун хучун
Ролъул тIорал далана.

ХIавагIечул махI чIвана,
ЧIанчIур камил гьабуна,
Мокьрода квер бахъана,
Генуде гьоцIо тIуна.

БарщичIеб жо щибдаян,
Рохьобе бекерана.
Жуламулгун жаккидул
Гьумер багIар белъана.

# ВАЦЛЬИЯЛЬУЛАБ АРХИВАЛДАСА




ГьитIинаб лъимералъе хъулухъ гьаби бугеб захIматаб жоха! Нужеда тIаде ккечIого батизеги бегьула гьеб. Амма диде ккана.

Дир вуго гьитIинав вац. Камил буго гьесул цIарги. Бащдаб лъагIел гурони бачIев чи вуго гьев. Амма кинабго бичIчIула гьесда. КIудияв чиясда гIадин бичIчIула. Дагьавго вакъаниги рукъзал цIола гьесул гьаркьаз. Семизеги гьесде бегьулеб жого гуро. Кодове вачинеги гьедигIан бигьалъуларо. Дагьавго мекъи восани гьесул гIодиялъ гIундузда тIала базабула.

Гьеле гьединав вац вуго дир. КIудияв гIедал кинав чи гьев валъугьиневали лъаларо. Амма дида рагIана гьитIинаб мехалъ гIемер гIодулел лъимал гIакъилал рахъунилан. БитIараб батизеги бегьула гьеб. Щиб лъалеб, кочIохъан вахъинеги бегьулелъул. Гьаракь цIакъ борхатаб буго гьесул.

Кин бугониги дие вокьула гьев. Вац вокьичIого вукIинищха! Амма гьесда гьеб бичIчIуларо... КидакъадгIаги бичIчIилеб батила...

Цо нухалъ школалдаса щвана дун. Валагьанагури, рагьун бугоан нижер рукъалъул нуцIа. Щивго чиги гьечIоан. СихIкъотIараб рокъове лъугьана дун. Рукъ бакьулъ бугоан багIараб къатIипаги тIаде рехараб кини. Камил гьелда тIад вугев яги гьечIев дида лъалеб букIинчIо. «Кьижун ватизе бегьула» — ян ккана дида. Бигьагьавун хIатIикилщазда вилълъана дун аскIове. ГIенеккана. Щибго рагIичIо. «Эбелалъ жиндаго цадахъ вачун ун ватизе бегьула» — ян бачIана пикру. РакIчIеялъе юргъаналда гъоркье ваккана дун. Вугоха лазаталда кьижун. Бигьагьабун нахъе унев вукIарав дир хIетIе киниялъул бохалда хъвана. Кини тIуркIана. Вугелъув вахъунги чIун гIенеккана дун гьев ворчIанадаян. РагIана вагъарулев. КватIичIого байбихьана зигардизе. Дида бичIчIана Камил макьидаса ворчIаравлъи. Вагъарахъданищ, ахIдезеги вуго. Гьеб мехалъ дун гьесда аскIоса кьуризе бегьуларо. Дихъин абуни ралагьун руго гьудулзаби. Гьелгун лъарахъе чвердезе ине къотIи букIана дир.

«Дагьаб мехалъ кIибикIун кинигун, кьижизавила, цинги ина», — ян хIукму гьабуна дица. Кини-

да тIамураб юргъаналда хъвазецин хIинкъун вукIана дун. Дида берчIвани, тIокIалъ гьев кьижуларо. КIибикIана кини. КIибикIана гIемер мехалъ. ХIатта гъуждул свакана. ГьечIо кьижулев. ГIодизеги байбихьана. Юргъан тIаса нахъе цIазе ккана. Гьеб лахIзаталъ гIоди тана гьес. Амма цинтIаго валагьизе кIвечIо. Вагъа-вачарана, берал къапезаруна. ХIалуциналъ гьумер багIарлъун бугоан гьесул. КвегIаб кверги буго рачлихъа борчIун. Гьеб кверalъ зурана берал. Кваранаб бахъизеги къеркьана лъикIаланго.

— Балагье цожоясухъ!.. КIваричIин, бахъе, — ян абуна дица, гьесие кумекги гьабулаго.

Камилица кваранаб кверги къватIибе бахъана. ГIедегIун, кIалдиб килищги къазабун, гьираялда гьеб хахизе лъугьана гьев. Дида бичIчIана гьесие кваназе жо бокьун букIин. Амма гьесие кьезе жо щибго букIинчIо. Чед кваназе гьесда жеги кIоларо. Жиндирго цIахIилал бералги дида лъун, гьимулаго кету гIадин гунгудизе лъугьана гьев.

ГIодулареб мехалъ Камил васикIо гIадав берцинав вас вуго. ГIодулелъул цIакъ жонсокълъула гьев...

— Гьеле гьедин сихIкъотIун вегун чIа. ГIодизе лъугьани, рехун мунги тун, дица ххазабила гьаниса. Дир гьадинги гIемер ишал руго, — янги абун, лълъим гьекъезе ине лъугьана дун.

КIиго гали дица тIамилалде, риччантана гьес жиндирго бакънал.! Щибха гьабилеб?

— Ялъачи, Камил, дица гIадамас гIадин гьаранаха дуда. БичIчIизегойищ бичIчIулареб, дуда вуссун вукIине дир рес гьечIо. Дора дихъ ралагьун гьудулзаби руго. Ма, босе, бихьулищ цидутIинчIалъул



берцинлъи. Дун кватIичIого вачIина, — ян абуна дица, гьесухъе резиналъул цидутIинчIги кьолаго.

Гьев сасана. Гьимизейищ гьимилев яги гIодизейищ гIодилевали лъаларого дихъ валагьана. Дун ине лъугьаравго жиндирго гьаркьал риччана. Щиб гьабилеб! ГIодулаго гьевги тун кин инев? Кие тIагIараяли, квешезего гIадин, яцги гьечIо рокъой.

Киниялда веги чIалгIун батила. Камил зурзудизе лъугьана. Дица гьесухъе дирго квер бегьана. МоцIуйиланищ ккарабали, къахIанги ккун дир килищ хахизе лъугьана гьев. ЦинтIаго хIанчIунги биччантана! Гьаракьцин борчIана дир. Гьанжеялде ункъо бегIераб ца баккун буго гьесул.

— Дуца гьабураб жо щиб, вац! Унтилариланищ ккараб? Дурабго щай хIанчIулареб? — ан абуна дица. Гьевин абуни, дун махсароде кколев гIадин, гьимизе лъугьана. Кьижизе киниялда вегизавулеб мехалъ эбелалъ гьесул кверал щулаго рухьу-

на. Дунги лъугьана гьедин гьабизе. Амма бажаричIо. КвегIаб бухьунаго кваранаб борчIана, кваранаб бухьунаго квегIаб борчIана. ЦIакъ къуватал кверал руго гьесул.

— ГIела! Щай гIергIедулев. ВуцIцIинчIони дица богIоло ахIила дуде! — ян хIинкъи кьуна дица. Гьес санцин гьабичIо.

Гьеб мехалъ кечI ахIизе жувана дун. Кьижизавулаго эбелалъги гьесие кечI ахIула. Дида кинидахъкучIдул лъаларо. РакIалде ккараб кечI ахIана... БатIалъи щиб, гьесда бичIчIуларелъул.

КочIолги жо ккечIо. Ахиралда дир сабру лъугIана. ГIемер ццин бахъиналъ кIибикIулеб букIараб кини хъатикьа борчIун ана. Гьеб бегана. Гьедин ккелин вукIинчIев дун цIакъ хIинкъана. Хехго бахъунчIезеги гьабун, тIаса юргъан бахъана. Камилги хIинкъун ватизе ккола. Гьев гIодичIо. Дун вихьаравго гIодана. РакI гурхIана дир гьесда. Дица хъатамасан гьесул кверал ричана. ТIуванго виччун вугоан гьев.

Дица кодове восаравго гьесул гIоди къотIана.

— Дир гъарим, Камил! Гьединлъидал вукIун вуго мун гIодулев! — ян абуна дица. — Дунин абуни, гIабдал, дуде семулев вукIана. ТIасалъугьа, Камил!

Камил дихъги валагьун гьимана. Дир рагIаби ахирги гьесда ричIчIун ратизе ккола. Гурони гьев гьимилароан.

Дица дагьаб мехалъ кодов ккурав гьев, хьвагIезарулаго квералгун, састун чIана. Гьесие щибалиго абизе бокьун батилин ккола, гIодизецин хиял бугодай...

— Нахъеги гIодизейищ бокьун бугеб дуе? Щибха дуе цойги бокьараб жо? Эбел ячIинегIан кванил жо ккеларо... Дидаги гьабизе кIолеб жо гьечIо, — ян абуна дица. — ГIодани мунги гIодове виччан, нахъе ина дун. БичIчIанищ? Мун сабаблъун гьудулзабазухъе ине щвечIо дие! Гуккана гьел. Мунин абуни жеги гIодизе лъугьун вуго!..

Камил жеги цIикIкIун гIодизе лъугьана. ТалихIалъ тIаде ячIана нижер яц Разият.

— Лъимерги рехунтун мун йикIарай кий? — абун тIаделъана дун яцалде. — Ма, нахъе ваче гьав дихъа!

Разиятица Камил кодове вачана. Берцинал рагIабиги абулаго, убачал гьаруна. Карандеги къан веэдана...

— Дуца вуханищ гьав? — абун гьикъана Разиятица.

— Килищги хъвачIо! — ян ццидахун жаваб кьуна дица.

— АхIтIон ватила. Гьесда бичIчIулариланищ дуда ккола? БичIчIизеги цIакъха бичIчIулеб. Недегьго кIалъазе ккола лъимада... ЩIияб гьаваялде вачине ккола дуца гьав, — ян дидаги абун, ине лъугьана гьей.

— Гьава щибжоялигIаги лъазе кколарищ гьесда!

Дир гьеб суал мекъаб батизе ккола. Щайгурелъул, Разиятгун къватIиве щваравго Камилил гIоди къотIана... Дида бихьана аваданго гьев сверухъе валагъалагьараб куц. Киналалиго рохалил сасалги гьаруна гьес.

— Разият, воре цо дихъе кье гьев кодов ккезе... ГIодулищали балагьила гьанже, — янги абун, дун гьезда аскIове ана.

Камил цинтIаго дидаса довехун вуссана. ХIалица вачине лъугьана дун. Киса! ТIирун чIана. Мекълъи бихьуларищ? Дагьаб гIакъуба къулчIизабичIо гьес дида. Гьанже санги гьавулев гьечIо гьес дун.

Камил дихъе инчIолъиялъ Раз-

ият зобалазде яхинаюна. Гьелъие гIоло жеги цIикIкIун веэдана гьелъ Камил, къочарана гьесда.

Дунин абуни Камилидаги Разиятидаги цадахъ ана.

Камилие гьей цIикIкIун йокьиялъе гIилла дида кинго бичIчIизе кIвечIо.

*ЛъарагI мацIалдаса буссинабуна А.ГIалиевас.*



Гумар-ХIажи Шахтаманов

# Сухъмахъги болнухги



Рохьоб сверун, свакараб,
Сиртахъ харун, чIалгIараб,
ЧIедераб тIинчIаб Сухъмахъ
Сардилъ щвана БолнухтIе.

ХIикмалъана, хIинкъана,
ХIисабалда гьикъана:
– Даци, мун кинангIаги
ГIураб гьедин кIудияб.

Цояб хьибил кьурда цун,
Кьижун букIараб Болнух
БорчIана, балагьана
ГьетIараб Сухъмахъалъухъ.

– Кинилая дун гIураб?
Киналго нухал гIадин…
НекIо дунги букIараб
Мунго гIадаб гьитIинаб.

– Вай, даци, дунги анищ
Мун гIадаб кIудаб гIезе,
ГIеблъизе, халалъизе,
Хадуб дунял тиризе!

Те, дуда хьибилги цун,
Цадахъ бекеризе дун,
Баче, далакьегийин,
Дуца дунги рикIкIаде…

– РикIкIадея? Щибизе?
Щибниги пайда гьечIо…
ГIагарде шагьаралде
Щвана дун… ГIела гьебги.

Мунги, дурго нухккун а,
ЧIахI-харилъан лъугьун а,
Анищазул къандалъо
Къаниб лъун, бегун чIа.

Пашманлъараб дир Сухъмахъ
СихIкъотIун тIадбуссана,
Сиртахъан бахунелъул
Хиялазде жубана:

«Бихьуларищ гьагъаб нух,
Гьагъалъ бицараб рагIи,
ГIагарда шагьаралде
Щвараб гIелила жиндий!

РикIкIаде анищ гьечIеб
Гьеб нух Нухлъун рикIкIунищ?
Гьедин хутIиялдаса
Хвезе рохьоб лъикI гурищ?

Пашманлъуге, дир Сухъмахъ,
Свине тоге рекIелъ шавкъ,
Гьагъаб БолнухтIе бачIин,
Балики, гьалатIан те.

Гъолда дур хьул бичIчIичIо,
БикьичIо гъолъ дур гIищкъу...
ГIайиб чIваге: я херлъун,
Я свакан батила гъоб.

Нухал гIемерал руго
ГIагараб улкаялда,
РикIкIаде бачунебги
Батилебин, балагье!

# ЦIадалхIор

Сордо-къоялъ чIечIого,
Чвахун тIуна, бана цIад.
Нухбакьулъ цо гвандиниб
Цо ЦIадалхIор бижана.

Нухлулазе гьеб шиб жо? –
Гьадингояб лъамалъи,
Лъималаца бахинчIо,
БуртIаз санцин гьабичIо.

Гьеб бихьун, ЦIадалхIорил
ЦIаруцIцIана хиялал,
– Халгьабе, дикьа хIинкъун,
Лъутун унел руго гьел.

Гьелда ккана гьанже жиб
Гьалагаб ралъад бугин,
Рихьана карачелал,
КвачIид рахъун, хъудулел.

Гьале гьаб картографас
Картаялде босулеб...
Бихьулищ цо гьайбатлъи
Гьалъул рагIаллъабазул!

Гьайгьай, гьаб цо рагIалда
Рала санаториял,
Гьадаб цояб рагIалда –
Я порт, яги космодром.

Хиялазул хIайранлъи! –
ХIалуцана ЦIадалхIор...
Гьелъул ургьимесалда
Анищаз боркьана кор.

Гьеб коралъ хIухьелги цIцIун,
ЦIадалхIор бакъван ана,
ЦIвабзаз зоб къачIалалде,
ЧIунтараб гвенд хутIана.

...РухI-жаналда рекъечIел
ЧIандаял анищазулъ,
Унго, чан ЦIадалхIорил
ХIур хутIичIеб нухазда.






# Чаргъадил сайгъатал

ВукІарав лъаларев, вукІинчІев лъаларев Надирбудай абулев чи жиндирго хІамаги бачун, гьелда баччизе кІвараб къайиги лъун, сапаралдаса вуссунев вукІанила. Къайи бакІлъун лъаларила, херлъун, мех щун букІун лъаларила, цо свак чучизе чІараб бакІалда бугилаха гьесул хІама хун батулеб. Гьабилеб чара-гІамалги тІагІун, хІамица баччун букІараб бакІлъи жиндирго мугъалда борхизеги кІоларого, ургъулев вукІанила гьев. Ургъунгицин чІечІила, гІодулевгицин вукІанила. БагІарараб къоги букІанила. Балканалъул махІищчІвазе лъугьарабали, чудкалги хІанчІиги тІаделъанила хІамил гьан тІу-тІузе. ТІаде валагьун вугев Надирбудайил пикру кканила, хІамил рачІчІалдаса расги бетІун, кварие гьебги кьурун, гьелъул гьин гьабизе. Гьабунила гьинги, реханила гьебги хІамил мугъалде. Свакаялъги ракІбакъваялъги татухун макьилъ гІадин вугев гьасда цо кІалъай бугилаха рагІулеб:

— Дун биччанте, Надирбудай, дица дуе гьеб лъикІлъи нусцІал бецІила... биччай, бегьулеб батани... те дун эркенлъуда, — абун.

Валагьанила сверухъе, Надирбудай, вихьулелъул щивго инсанги гьечІила, щайтІабаздай жив махсароде кколев вугоян, гьанже гьебги букІанин, тІубараб талихІкъиналъе камунилан кканила гьеcда ракІалде.

Нахъе-нахъеги гьадалго рагІаби такрарлъулел рагІулила гьесда. Балагьанила, бугилаха гьиналъ чаргъедо ккун, чаргъадил кІалъай гьебги батанила.

— КингІаги, гъарим дуца дие гьеб бецІилеб? НусцІулни кІваричІоанин, цоцІулгІаги кин дуца дие гьеб лъикІлъи бецІилеб? ЛъикІ буго, хвасар гьабила дица дур рухІ, тела мун эркенлъуде биччан, чаргъидада бажарулеб жогІаги щибдай букІуна? — абун живго жиндаго гІадин гаргалев вукІанила гьев.

— Биччанте, Надирбудай, дун. Мун расги паманлъизе гьечІо...

ЛъикІ бугин, айин дурго эркенлъуде, дурго тІанчІихъизамалъухъейилан, биччан танила гьес чаргъедо.

МаркІачІумех щварабго, жиндир бусен бугеб бакІги халгьабун, дуца жинде ахІейила, дуцаго къотІи гьабун букІараб жо кьейилан, гьесдеги ахІун, боржун, цебеса тІагІанила чаргъедо.

Баччун щиб, бехъерхъун щиб, жиндирго къайи-матахІгун, бакъанидехун, кинги-лъикІги рокъове щванила нухлулав. Свак чучизеян вегун вукІарав гьес, маркІачІумех кидадай щвелаян халккунила. Кьижун ккелилан хІинкъун, зама-заманалдасан гьумер чурун, рагьдухъ свердун, заман инабулев вукІанила.

РукІкІел рехизе лъугьанила. КІанцІун вахъун, чаргъедо боржун араб рахъалде валагьун гьев-

ги вилълъанила. Авлахъалъул рагIалда бугилаха цо ялгъузаб бигьароги, гьелъул тIогьиб гьабураб гIучI-мичIилалъул бусенги. БусатIа чаргъедоги бугила жеги хIебдарас баккичIел «кIалтIогьилал» хинлъизарулеб, гьоркьо-гьоркьоб гьезул кIалдиб гIисингьабун гьанал кесекги лъун, жиндирго тIанчIи реэдулеб.

ГьалъадигIан борхалъуде бахун бусен гьабизе кколеб, даргъурагIан бусада бугеб гурони кодолъи жиндир гьечIеб, гьеб бусенгицин тIанчIазул бугIун цIун букIиналъ, жиндир хIамил гьан кванан гурони гьезие кьезе квенгицин гьечIеб чаргъидил, жиндие кьезе жогIаги щибдай букIунебилан пикрабазда вукIанила Надирбудай.

— Чаргъедо, ва Чаргъедо, доб дуца кьелин абун букIараб жо кьезе ккелаха, къасдахъ! — илан ахIанила Надирбудайица, гьениве щвезегIан вачIунги вугелъул, щакдарабазда вугониги, щибдай ккелаян хIалбихьизе.

— Валлагь, кьелебха, Надирбудай! Дир гIумру хвасар гьабурав дуе кьезе жоялда дун барахщилинищ мун... Мая, босе, — абун цо квербацI бачIанила гьелъ тIаса гIодобе хьвагIун.

— ВахI, квербацI?! Алъул гьунаргIаги щиб? — илан гьикъардаанила Надирбудай чаргъадида.

Элъул гIадинаб гьунарищила букIунеб, «тIибитIе, квербацI!» абун амру кьурабго, тIибитIун, дунялалда бугебщинаб нигIмат дуда цебе лъолин гьелъилан бицана чаргъадица. «БакIаре, квербацI!» — илан лъазабурабго, цо рас течIого, бакIарун нахъеги унин гьелъилан тIадеги жубанила гьеб чараб хIанчIица.

Божи-рокьиго гьечIого, чIамучIго вуссанила гьев рокъове. Гукканин жив хъатгIанаб хIанчIицайилан, васвасаз ккунила гьев. БукIаниги,



цо хIалбихьун лъикIилан, буюранила гьес «тIибитIе, квербацI» абун. КвербацI бихха-бичун, гIатIилъун анила, тIагIам – нигIматаз гIуцIанила, бихьичIебги рагIичIебги щинаб баркаман, жиб кванайилан, цо жиндирги хIалбихьейилан гьесда цебегIан хъурщулеб букIанила. Надирбудайица, ракъун, макьу щоларого цояб рокъор регун рукIарал хъизам-лъималги кваназе ахIанила. Къасиквен гьезие кIудияб байрамалде сверанила. Роха-хинлъун, тIагIамалда кIутIулел ругел гьезухъ балъго гордухъан балагьун, хIацIу къулчIулел мадугьалзабиги рукIанила. Квана-гъанан рахъингун, «бакIаре, квербацIилан» лъазабунила хважагьинас. КвербацIалъул ункъабго бокIон дандекъан анила, квен-тIеххги букIинего букIинчIеб гIадин, тIагIун анила, сукIун чантиниб лъолеб гIанасеб гьитIинаб жо квербацIалъулги лъугьанила.

Гьедин квана-гьекъон, рахIаталда вугев Надирбудайида ракIалде щванила «нусцIул бецIилин» чаргъадица такрар гьарулел рукIарал рагIаби. Цойги щибдай гьелъие абизе бокьун букIарабилан ургъанила гьев. Гьел рагIабазул цо магIна букIине кколилан, нахъеги анила гьев чаргъадихъе. АхIанила:

– Чаргъедо, ва Чаргъедо! Гьадал рагIабазул магIна щиб букIараб... нусго лъикIлъи гьабилилан гурищ дуца абун букIараб? – илан.

– Гьайгьай, абун букIана, дуеги гIумру кьеяв, Надирбудай! Мая, дуего, цойги лъикIаб сайигъат! – илангиахIун, гьелъ гъотI одаса гIодобе хъуштIизе биччан бачIанила цо гьитIинабго чагъана.

– Гьалъул гьунаргIаги, щиб, Чаргъедо? – ян тамашалъанила гьев.

Гьелъул гьунар бугин, бищунго ракIбакъван, чIамучIго вун вугеб мехалъ, «бачаея, чагъана!» – ян абидал, дунялалдаго рагIичIел хIикматал бакъналги рачун, ракI хIайран гьабун, рокъоб аваданлъи букIинабулин биццанила чаргъадица.

Цо къоялъ щцин бахъун, ракIбакъван вукIарав Надирбудайида доб чаргъидаца кьураб чагъана ракIалде щванила. Абунила гьелда, «бачея, чагъана» абун. Байбихьанилаха зоб-ракь хIайранал, хIикматал бакънал рачине. Гьел бакънахъе паналъарал мадугьалзаби, тIохтIохазде рахун, гордухъан раккун, Надирбудайидаги гьесул хъизанлъималазулги гIумруялда бахиллъун рукIанила.

Цойги нухалъги анила Надирбудай, гьабнухалъ чаргъадица щибдай кьелаян ракIалдеги ккун.

– Чаргъедо, ва Чаргъедо, дуца кьелин абун букIараб жо щибали лъачIого, кинго ракI парахалъулеб гьечIо. бугизегIаги бугищ дур дие, цойги сайигъат? – илан ахIанила гьес.

– БукIинарищха, ле, Надирбудай! Дир гIумру хвасар гьабурав дуе щибго кьезе дун барахщилинищ дуда кколеб... Мая, кквея, – абун кIиго бакъвараб тIил бачIанила гьелъ тIаса гIодобе хьвагIун.

Щибго гьелдаги абичIого, гьаб цIул-гIучI рокъобги гьечIого вукIун ватилин живилан, нахъвуссун унев вукIанила гьев.

– Гьезул гьунаргIаги цIехечIогури, дуца дида, гьудулавги гьоболавги чи! – ян ахIанила гьесда хадуб чаргъадица.

– КIочене бахъанин, гьезул гьунаргIаги щиб, гьарин, Чаргъедо? – абун, божа-рокьиго гьечIого гьикъанила гьес.

– «Гьа, тIилал» абун дуца буюридал, дуе квешлъи гьабурал чагIи, дур тушбаби рахъине кIвеларедухъ рухула гьез. БожичIони, хIалбихьизе бегьула! – абун, белъанхъанила чаргъедо.

ГIемераб заманги анила, рукъалъул бокIнилъе рехун гьел тIилалги рукIанила. Цо сордоялъ, Надирбудайил квербацIги чагъанаги бикъизеян цIогьал рачIанила гордухъан жанире лъугьун. Кьижун вугев гIадин чIунги вукIун, «гьа, тIилал!»

абун гьаракь гьабунила хважагьинас.

Байбихьанилаха, тIилаз, тIаде рачIарал ахIичIел «гьалбал» рухизе – цоясул нодобакьулъ гIамгIаро бахъинабунила, цоясул бер хъахIил гьабунила, цогиясул гъванща беканила. ТIаде рахъине кIвеларедухъ рухарал гьел, хIала-малалъ, хъурщун щиб, гирун щиб, хвечIого рорчIанила гьениса.

Гьанжени жив тIокIалъги чаргъадихъе ине нечезе ккелин. ЛъикIаб гIумру гьабизе дие камураб жоги гьелъ тун гьечIин, дагьаб гIечIого, гIемералда хадухъарав чи щибго гьечIого хутIарабги гIемер рагIун бугилан, бугелда разилъун, щукруялда чIанила Надирбудай.



МухIамад ХIасанов

# Радал цудунго вахъа

Рогьалилъ тIаде бахъун,
ГIегIедана хIелеко,
ХIажил макьуги бикъун,
Бакъалде бахъана гьеб.
Хьибилги хисулаго,
ХIелкида ццинги бахъун,
Нахъеги къандалъуда
Лъуна гьудулас бетIер.
ХIажил кIвахIаллъиияллда
КIалгьикъулеб кинигин,
Гьесул горда гъоркьги чIун,
ГIегIедана нахъеги.
Гьев тIаде вахъинчIелъул,
ЧIухIадго гьелъ абуна:
Къаси ригьтIаго вега,
Радал цудунго вахъа!



# ГъветІ



КІодоца лъим тІун гІолеб,
КІудадаца лъалъалеб,
Дир бетІералъул тІоноцІ
ТІамхаца беэдулеб.
ТІогьиве валагьидал,
РекІелъ хІеренлъи толеб
ХІасраталъ гІаламалъе
ГІумрудул рахІмат кьолеб.
Дир азбаралда буго
Беричаб гьединаб гъветІ,
Гъурщун дие пихъ кьолеб,
Дие рагІад гьабулеб.

# НакІкІ кибедай тІагІараб?



НакІкІ зодибе бачІана,
БецІлъи лъазе лъугьана,
ТІолабго сверухълъиялъ
ХъахІаб дарай бигъана.
ХъахІаб квасквас зодисан
Бортизе байбихьана,
ГьитІичахъе рохелгун
Ракьалде гІедегІана.
Цинги чІалгІиндал, накІкІалъ
Сверухълъи рехун тана.
ЧІегІерлъун букІараб ракь
ХъахІаб кьералъ хисана.
Ургъулев вуго Камил –
Кинго хадув гъоларо,
МугІрулго рахчараб накІкІ
Кибедай тІурун араб?!




# Опаки - рохъил жираф



Африкалда батараб къанагIатаб ва хIикмааб хIайван Опаки – чуйищ гьеб кколеб, гIалхул хIама – зебрайищ, яги жирафищ? Гьединал суалал рижичIого рукIунаро гьелъул гьайбатлъиялъухъ ва гIажаиблъиялъухъ балагьараб мехалъ. Гьелъул гьурмахъ балагьараб мехалъ гьеб жайраналдаги релълъуна. Бищун цебе гьеб релълъуна чуялда, амма гьелъул габур халатаб буго, батIи-батIиял кьеразин абуни, нилълъее гьеб бицанкIолъун лъугьуна. Гьез гIумру гьабула Конгоялда руччарал рохьазда хIоразул ва гIоразул рагIаллъабазда. Бакъукье кенчIолеб, кьеркьераб ва берцинаб черхги букIуна гьелъул. Гьелъул борхалъи 160 см бахуна, халалъи 2 метралде, цIайи бахуна 250 килограммалде. Гьелъул бетIeралда кIиго гьитIинабго лълъарги букIуна. Гьелъул мацI цIакъ халатаб ва хъахIилаб кьералъул букIуна. МацIалъул кумекалдалъун гьелъ букарараб бер, мугъ, хьалбал хъасула, гъутIбуздаса тIамхал кIалдире цIала. ТIамхал гуребги, гьелъие цIакъ бокьула пихъ, гIурдахIан, чIахI-хер. Халатаб мацIги баккаризабун, катица гIадин чIикIула лълъимги.

Окапи ккола цIакъго цебесеб хIайваназул тайпа. Дагьабго

хIинкъараб букIиналъ гIадан-инсан вугеб бакIалдаса рикIкIад чIезе хIаракат бахъула гьелъ. ТIубараб элхъигун цадахъ гуреб, жибго жиндаго чIезеги бокьула гьелъие. Рехьед гIадин данделъун гьел рихьиги къанагIатаб жо ккола. Гьелъул тIинчI лъикIго рухI щвезегIан бахча-хьвараб бакIалда букIуна. Жиндирго эбелалда гьеб бугеб бакI лъала гьелъул гьаркьидалъун. БакI хиси гьелъие кутакалда захIмалъула, гьединлъидал зоопаркалде рачине гьел кквезеги гIезегIан гIакъуба бихьула. Гьелъго батила дунялалдаго гIицIго 20 буго гьеб берцинаб хIайван бихьизе ине бегьулеб, гьел хьихьараб бакI.

1909 соналъ тIоцебе кодобе щвараб чIагоб опаки Англиялъул къираллъиялде бихьизе битIараб мехалъ гьелъие «Джонсонил чу» абураб цIар кьун букIана. Гьелде щвезегIан цебе гьел хIайваназул рукIа-рахъин лъазабун букIана машгьурав журналист Генри Стенлица. Гьесда гьелъул хIакъалъулъ бицана гIалхуда гIумру гьабулел гIадамаз. ЦIех-рех гьабулезухъе тIоцебе гьелъул тIом щвараб мехалъ, гьеб чуязул цо тайпа бугилан рикIкIун букIана. Гьеб мекъи букIин чIезабуна хадурккун гьарурал цIех-рехазул хIасилалда ва гьеб рикIкIана гьитIинаб тайпаялъул жирафлъун.



# Къанагlатаб гьунаралъул устарзаби



*АХIМАД ЦIУРМИЛОВАСУЛ 110 СОН ТIУБАЯЛДА*

Дагъистаналъул искусствалъул мустахIикъав хIаракатчи, живго ругьунлъарав бакъназул устар АхIмад цIурмиловасул 110 сон тIубаялъул хIурматалда гьесул гIагараб Гъуниб районалда тIобитIараб тадбиралде данделдъун рукIана адабияталдагун-маданияталда жидер гIумру бухьинабурал махщелчагIиги, гьелдехун рокьи бугелги, батIи-батIиял ва хъулухъалъулал ишазда ругел, рикIкIа-рикIкIадаса рачIарал гьалбалги, гьесул ракьцоялги, гIагабожаралги.

АхIмад ЦIурмиловасул къанагIатаб махщалие къимат кьолаго гьенир лъимерлъиялъулал ракIалдещвеялгун цере рахъана гьес ругьун гьарурал, мандолинаялда бакъназ рачунелги, гьев вихьалъалел рукIаралги, гьудуллъи-гьалмагълъи ккаралги гIадамал.

КIалъазе рахъараз абулеб букIана, тIадегIанаб музыкалияб лъай гьечIониги, Москваялъулги ва цоги-цоги чIахIиял шагьаразда ругел консерваториял лъугIичIониги, ЦIурмиловасул букIанин ТIадегIанав Аллагьас кьураб махщеллъайги, гьеб цебетIезабизе, жиндаго тIад хIалтIизе бажариги, кIвахIгьечIолъиги абун.

Гъуниб Лъималазул рокъор тарбия-лъай кьолел рукIарал цIалдохъабазе жинцаго росун мандолинабигун, малълъулеб букIун буго АхIмад ЦIурмиловас гьезда бакънал рачине. Гьединаб къанагIатаб гьунаралъул, берцинал бакъназде данде доб мехалъ рукIарал машгьурал кочIохъаби Асият Якъубовалъ, Муи ХIасановалъ, Марьям АхIмаевалъ, ГIайшат Мазаловалъ ва гIемерал цогидазги ахIулел рукIана кучIдул. Гьел гъираялда халкъалъ къабул гьарулелги рукIана. Къабул гьарулел рукIана халкъалде гIагарал, гьелъул къисматалдаги тарихалги релълъарал, гьезул гIумруялъул магIна гъорлъ бессарал рукIиндал, ракIазда кверщел гьабизе кIолел лъугьиндал.

АхIмад ЦIурмиловасул бакъназда ахIулел кучIдул цIунун руго Дагъистаналъул пачалихъияб теле - радиоялъул фонотекаялда. Буго гьес жинцаго эбелалъул хIакъалъулъ ахIулеб букIараб кечIги.

РакIалде ккола гьунар-махщел бугел гIадамал гIемераб магIарул халкъалъул машгьурал гIадамазул читIиралда гьоркьоб тIерхьунареб цIвалъун хутIанин АхIмад ЦIурмиловасул цIарги гьесул берцинал бакъналги абун.

# ТIАБИГIАТАЛЪУЛ ХIИКМАЛЪИ

## Кваналел тIугьдул



Авлахъалда рештIана кIалкIучIал-капустницабазул кIудияб тIел. Амма гьезул цонигияб чIаго хутIичIо. Гьел гъанкъана росянок абулеб харица. Щибаб росянокалъ ккун ва гъанкъун батана ункъгоялдаса анкьгоялде щвезегIан кIалкIучI. Цо гектар гIанасеб бакIалда бижараб росянокалъ гъанкъун батана анлъго миллионалде гIагарун заралияб хIутI-кIалкIучI – капустница.

ЩIакъ махщалида ккола хIапарохIутI хинал улкабазда бижулеб непентес тайпаялъул хурдуз. Гьелъул тIегь стаканалда релълъараб буго. Гье-лъул свериялда букIуна 18 сантиметр. Гьелъул лъикIаб махIалъ жиндехунго цIала хIапаро-хIутI.



Гьеб тIогьол цIвакараб рагIалда рештIараб тIутI, гарцI, кIалкIучI, хъущтIун ун, гьелъул тIиналде бортула. Гьеб мехалъ непентесалъул яги сарроцениялъул тIамчал данде къала ва щибниги къватIибе борчIуларо. ГьелдакIолагIисиналгIункIкIал, къуркъби гъанкъизегицин. Индиялдаги Австралиялдаги гIемер дандчIвалеб гьеб тIогьол рагIаллъабазда чIани гIисинал хIанчIазегицин хIинкъи букIуна хвечIого рорчIиялъул. Гъачагъал-тIугьдулиланги абула гьезда. БитIун абуни, гьел ккола кваналел тIугьдуллъун. Щайгурелъул, гьел тIугьдуз ккураб рухIчIаголъи жиндирго сокалда гъорлъ хехго бинабула ва гьеб хIапаро-хIутI гьел тIугьдузул квенлъун лъугьуна.



Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

5/2018

сентябрь – октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60х84 1/8.
Уч. изд. л. 3,04.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 19.10.2018 г.
Тираж 831 экз.
Заказ № 255.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.